



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI YON PWOJÈ 23.6 MILYON DOLA POU LOJMAN ABÒDAB AK SIPÒ NAN LÈS BUFFALO**

***Renovasyon lekòl istorik pèmèt kreye 42 apatman abòdab ak efikas nan enèji, ki enkli 12 inite lojman sipò, ansanm ak sant sèvis kominotè k ap sèvi katye Broadway-Fillmore nan Buffalo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti Apartments at the Lyceum, yon pwojè 23.6 milyon dola ki te transfòme yon ansyen lekòl istorik, St. John Kanty Lyceum, nan Lès Buffalo an 42 apatman abòdab epi efikas nan enèji ak yon sant sèvis kominotè. Pwojè a ofri lojman abòdab ki nesèsè anpil nan katye Broadway-Fillmore nan Lès Buffalo, ki gen ladan 12 inite lojman sipò yo mete apa pou ansyen sivivan vyolans domestik ki sanzabri.

"Transfòmasyon ansyen lekòl istorik sa a pou tounen kay ki abòdab, ak efikas nan enèji se yon pati nan angajman pèmanan nou pou konstwi yon avni ki pi abòdab pou Lès Buffalo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apartments at the Lyceum pèmèt moun ak fanmi ki gen revni fèb gen lojman abòdab ki nesèsè anpil epi konekte sivivan vyolans domestik yo ak lòt moun nan katye Broadway-Fillmore ak resous yo bezwen pou yo reyisi."

Reyalize atravè Community Services for Every1 (CSE1), avèk Edgemere Development, Pwojè a enplike renovasyon bilding istorik St. John Kanty Lyceum nan 97 Swinburne Street, ansanm ak dis teren youn sou kote lòt. Salklas ak biwo lekòl la te transfòme pou tounen 42 apatman abòdab, ki gen 12 inite ki destine espesyalman pou sivivan vyolans domestik yo, 5 apatman ki aksesib totalman pou Ameriken ki Andikape ak 2 apatman pou moun ki gen andikap odyo/vizyèl.

Yo te renove kizin, kafeterya, ak sal aktivite ansyen lekòl la pou vin yon espas kominotè aksesib pou ofri pwogram lwazi enklizif, atizay gastwonomik, edikasyon pou manje an sante, lavi endepandan, ak sèvis fòmasyon preparasyon pou travay preparasyon pwofesyonèl pou moun ki enskri nan sèvis ak CSE1. Konsepsyon pwojè a mete an valè anpil konsepsyon achitekti ak achèvman bilding orijinal la, ki gen ladan plafon vout oditoryòm istorik la.

Lyceum nan se premye pwojè Inisyativ Enèji Pwòp (Clean Energy Initiative, CEI) kote konstriksyon an fini. Pwogram [Inisyativ Enèji Pwòp](#) (CEI), yon kolaborasyon ant Renouvèlman Lojman ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, HCR) ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèjetik Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), bay finansman enjeksyon dirèk ak sipò teknik pou pwojè enèji pwòp nan lojman abòdab. Nan kad egzijans pwogram CEI a, bilding lan pa sèvi ankò ak okenn konbistib fosil sou plas.

Nan kad efò modènizasyon ak dekarbonizasyon bilding nan, li konsevwa tou pou reponn ak egzijans Pwogram Konstriksyon Nouvo Lojman, NYSERDA. Eleman efikasite enèjetik NYSERDA sipòte gen ladan aparèy ENERGY STAR(R) oswa ekivalan, yon pi bon izòlman, ak enstalasyon nouvo ekleraj, sistèm Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizasyon (Heating, ventilation, and air conditioning, HVAC), fenèt ak twati. Bilding lan gen ladan tou enstalasyon plonbri ki koule dousman ak yon estasyon rechaj pou veyikil elektrik (EV). Pwojè Apartments at the Lyceum nan satisfè tou kritè 2020 Kominote Vèt Antrepriz (Enterprise Green Communities).

Nan senk dènye ane yo, HCR te kreye oswa prezève plis pase 11,000 kay abòdab nan Konte Erie. Pwojè Apartments at the Lyceum pouswiv efò sa a epi li fè pati Plan Lojman global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Finansman pou pwojè a gen ladan 2.5 milyon dola ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), ansanm ak pwogram Kredi Enpo pou Lojman Moun ki gen Revni Ba HCR ki te jenere apeprè 8 milyon dola fon pwòp, yon 3.6. milyon dola nan sibvansyon Fon Fidisyè pou Lojman HCR ak 250,000 dola nan Fon Envestisman Kominotè HCR. Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la te fasilite itilizasyon Kredi Enpo Federal ak Nasyonal pou Reyabilitasyon Istorik ki estime a 7 milyon dola fon pwòp, ak yon finansman 525,000 dola Inisyativ Enèji Pwòp ki disponib nan kad patenarya ant HCR ak NYSERDA pou amelyorasyon dimansyon travay dekarbonizasyon. Vil Buffalo te kontribiye tou nan 750,000 dola nan fon HOME la.

Empire State Development te bay 500,000 dola atravè Fon Better Buffalo. Nan objektif pou kreye katye dinamik, ki gen plizyè itilizasyon ak gwo dansite, fon 40 milyon dola a konsantre sou sipòte pwojè ki ankouraje dansite ak kwasans nan koridò transpò yo epi revitalize distri komèsyal nan katye yo.

Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ki bay finansman operasyonèl la atravè OTDA. CSE1 ap bay sèvis sipò tankou jesyon ka, konsèy finansye, devlopman mendèv, ak referans nan sèvis sante, gadri, ak sèvis benefis piblik.

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Ouvèti Apartments at the Lyceum kreye lojman abòdab ki nesesè anpil nan Lès Buffalo epi li bay sivivan vyolans domestik ki te sanzabri lontan yo nan Konte Erie yon lojman ki estab ak aksè fasil pou sèvis sipò yo bezwen pou yo pwospere nan kominote yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul poutèt li sipòte pwojè tankou Apartments at the Lyceum ki elaji òf lojman sipò pèmanan atravè Eta New York, ranfòse kominote nou yo, epi ede kraze sik sanzabri pou Nouyòkè vilnerab yo."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Lyceum nan se egzanp pafè sou fason tranzisyon New York vè yon mache lojman ki pi dirab, ki pi efikas nan domèn enèji ap benefik pou vil tankou Buffalo. Pwojè 23 milyon dola sa a te benefisyè de Inisyativ Enèji Pwòp nou an e li te transfòme yon ansyen bilding lekòl ak plizyè pasèl tè vid an 42 apatman modèn ki abòdab, ki respekte anviwònman, ansanm ak yon sant kominotè ki pral desèvi katye alantou a pou ane k ap vini yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak patnè nasyonal ak lokal nou yo paske yo te mennen pwojè istorik sa a byen."

**Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare,** "Nou fyè pou nou fè patenarya sou pwojè tankou pwojè sa a nan Buffalo ak atravè Eta New York ki ede nan fè avanse inisyativ enpòtan Gouvènè a pou lojman abòdab. Atravè resous tankou Pwogram Kredi Enpo pou Reyabilitasyon Istorik, yo ankouraje pwomotè yo pou yo investi nan estrikti istorik nou an epi pou yo remete bilding katye nou yo an sèvis nan fason ki nouvo epi enteresan. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li priyoreze lojman ki estab, abòdab, ak ekkitab epi mwen remèsye anpil patnè yo ki nan pwojè a paske yo rekonèt valè resous istorik tankou sa a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare,** "Pwogram Nouvo Konstriksyon NYSERDA sipòte amelyorasyon aksè nan bilding ki gen efikasite enèjetik, ki pa emèt anpil kabòn ki ogmante rezistans epi simonte enpak chanjman klimatik nou an. Apartments at the Lyceum montre kijan plizyè resous ki soti nan sektè piblik ak prive a kapab reyini ansanm pou ede Nouyòkè ki vilnerab yo epanouyi yo nan espas pou viv ki modèn, an sante, abòdab ki toupre sèvis ak bezwen kominotè yo."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Gouvènè Hochul ap atake kriz lojman istorik la ak pwojè tankou Apartments at the Lyceum. Objektif la se bati 800,000 kay nan dis pwochen ane yo nan ankouraje nouvo konstriksyon yo ak fikse objektif lojman lokal nan kominote tankou Lès Buffalo. Nou akeyi rezidan yo nan nouvo apatman yo avèk yon espwa ke yo epanouyi pandan y ap jwi lavi, y ap travay, ak sosyalize yo nan nouvo katye yo."

**Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare,** "Lojman abòdab se bezwen ki pi enpòtan pou sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks, epi vyolans domestik se yon kòz prensipal pou fanm sanzabri yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li konprann sa epi li investi resous pou

ogmante disponiblité lojman ki an sekirite ak sipò nan Konte Erie pou sivivan yo kòmmanse pakou yo pou jwenn gerizon. Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) fyè pou li leve vwa sivivan yo epi defann yon sistèm ki santre sou sivivan yo, ki enfòmè sou chòk yo, epi ki adapte a kilti nan kad travay nou sou Inisyativ Lojman Sipò Empire State la."

**Manm Asanble, Monica Wallace, te deklare,** "Pwojè tankou Apartments at the Lyceum ofri yon solisyon enpòtan pou kriz mank lojman an. Etablisman sa a pral yon kay pou plizyè douzèn fanmi ki gen difikilte pou jwenn lojman abòdab, tankou sivivan vyolans domestik yo. Anplis de sa, pwojè a montre lidèchip New York pou yon anviwònman ki pi vèt ak pi pwòp lè li garanti nouvo etablisman an pral fonksyone san gaz fosil. Pwojè sa a se yon viktwa pou rezidan Buffalo ak yon viktwa pou anviwònman an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan abòde pwoblèm klima ak lojman nan kad pwojè sa a."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare,** "Lojman abòdab se yon bezwen enpòtan nan tout Konte Erie a epi sa mande patnè solid ak lidèchip vizyonè pou abòde li. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou fokis li sou pwoblèm ijan sa epi paske li envesti nan lojman abòdab ak efikasite enèjetik isit la. Envestisman sa yo chanje lavi fanmi yo ak moun ki pral gen kay ki an sekirite, abòdab kounye a pou swiv pwòp rèv Ameriken yo. Anplis de sa, pwojè sa a rebay vi a yon ansyen lekòl ki pa sèvi epi li revigore katye Broadway-Fillmore a, bati yon kominote ki pi solid pou tout moun."

**Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare,** "Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak Administrasyon li paske yo sipòte opòtinite lojman abòdab ki nesesè nan katye Broadway-Fillmore. St. John Kanty Lyceum se yon lòt pwojè ki montre angajman Eta a pou bay plis lojman abòdab ak bon jan kalite."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Community Services for Every1, Mindy Cervoni, te deklare,** "Nou trè rekonesan pou finansman ki destine pou lojman abòdab ak sipò, ki te pèmèt Community Services for Every1 kreye premye pwogram lojman sipò pèmanan sa a nan Konte Erie nan Apartments at the Lyceum. Inisyativ sa a pèmèt nou ede moun ki gen faktè ki kontribye nan enstabilite lojman yo. Devlopman lojman abòdab nan kominote ki nan bezwen yo rete yon priyorite pou Sèvis Kominotè, epi nou rekonesan anvè patnè nou yo paske yo ede nou reyalize pwojè sa a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)